Ngiras nandha gurunira, yen pancen mumpuni bangkit limpat kawruh ngelmi nyata, yekti tan kewran ing ngilmu, kabeh takoning murid mesti bisa paring weruh, ning kosok balinira, lamun durung amumpuni, iku banjur katara bareng sakala.

Adatira kang mangkana, yekti enggal muring-muring, mung begjaning sira, pan antuk sabda ya uwis mung kudu anglakoni, apa kone kyai guru, yen mangkono wus cetha, bobot timbange sireki, banjur kena kari sakarsa priyangga.

Sang Dewi Retna Dumilah, nulya matur mring Sang Aji, nuwun inggih Sang Narendra, ing mangke raos sang kapti, nampi dawuh Sang Aji, padhang nrawang sumunarawang, enganing rasa pindha, sumlawung sarwa ngelebi, katarbuka jroning tyas sampun narima.

Duh Sang Prabu kula minta, ing paduka Narendraji, nenggih jroning makom sapto, ingkang nama ati siri, punika kados pundi, kalawan malih Sang Prabu, sabdanipun punapa, dene lajeng kawastani, aluamah kula teka dereng gamblang.

Sang Prabu ngandika marang, mring garwa Sang Retna Dewi, iya yayi bener sira, kyai guru amastani, aluamah ya siri, siri ya aluamah ku, mulane yayi sira, samengko ingsun jarwani, sajatine iku isih nama salah.

Tegese durung salaras tan cunduk lan waton neki, iku ora dadi ngapa, jalaran datan tan nguning, nanging yen ingsun yayi, condhong lawan pikarepmu, tegese wong puniku, yen duwe kawruh tan ngerti, iku sasat kinjeng datanpo sotya.

Samengko prastawakna, sun jarwani kang sejati, sejatine siri iku, datan kena den arani, aluamah punika, sabab durung bisa jumbuh yen siri bangsanira, kang ati punika yayi, iya iku latifah siri arannya.

Latifah siri tegesnya, rasaning manungsa jati, rasa ingkang bangsanira, rasa pangeranan yayi, rasa kang alus yekti, nanging isih bisa kleru, tegese rasa ingkang, isih bisa molah malih, kamomoran sabarang panggawe liya.

Watonira iku ana, yeku albansadnu siri, bilkawadisi, jangkepnya, mangkene tegesereki, rasa kang isih bangkit kamoran saminipun, iku jejeng manungsa, wujuding latifah siri, siri rasa latifah lembut punika.

Dene napsu aluamah, iku kena den arani, watak ingkang ngaangsa angsa, maanani iku yayi, angkara murka neki, plesir lawan mangan minum ingkang andadekena, petenging rasa lan ati, mulanira sira dudu aluamah.

Aman samengko wis ceta, aluamah dudu siri, mulanira datan kena, siri iku den wastani, aluamah puniki, yen mengko salang surup aran panemu ingkang, durung bisa apatitis iku mesti kaplantrang kaliru tampa.

Miturut dhawuh kang nyata, kang minangka dadi seksi, pan aue ngaduwika kalawan napsu kalati benjanbeki, mangkene ta tegesipun mungsuhamu kang luwih kwata iku napsu ta pribadi, ingkang manggon antaraning lambungira.

Mulane samengko sira, sarehning uwis mangerti, mring wijang-wijanganira, yen aluamah dudu siri, sabanjure sireki, kudu ngreksa tumindakmu, iku mangkene sira, lakuwa riadah yayi, artinira ngurangi dhahar lan nendra.

Nyuda aplesir kalawan senengan sasamineki, kang ngrujuki napsu hawa, supaya rasa sejati, bisa resik maligi, tan kamoran

hawa napsu, awit yen tan mangkono, tamtu kaplantrang sayekti, akejlungup ing barongan kasangsaran.

Cundhuke dhawuh kang nyata, wudbanga awahu tuwin pamisluhu kamasa lan lilkalbi intalmiltu lan Alaihi ya yayi, lan yaltas astat rukahu, yaltas iku tegese, wong kang manut hawaneki, napsu nira iku kaya kewan galak.

Yen pinuju karepira keturutan iku yayi banjur bungah mangap-mangap lamun ora den turuti, menggeh-menggeh medeni, ilang kamangnungsanipun yen nganti mangkonoha, memelas jejereng urip wekas ingsun poma aja nganti klepyan.

Iku yayi rasakhena, kang trawaca jroning ati, olah ngelmu kasampurnan kudu santosa ingkapti, kangti budi utami, iang lahir tumekeng kalbu, yekti kabul kabuka, thukul pradapaning wali, karsa Allah mijil kramat donya kerat.

Penggawene guna trusing ati (1935), kang garwa wot sinom Dewi Retna Dumilah ature, mring Sang Prabu Jati Wsesaji, kula sampun tampi, sadaya kacakup.

Ing samangke raosing tyas wening, sakala cumeplong, sampun cunduk kalawan nyatane, cocog dalil ije makiyasi, marem jroning kapti, kapundi kaembun.

Kula badhe nyuwun dawuh malih, ing paduka katong, kados pundi menggah kahanane, jroning makom wolu Sang Aji, ing-kang nama chapi, nyuwun terangipun.

Lawan malih chapi den arani, supiyah Sang Katong, jer punika kula sayektine, kodheng dene supiyah lan kapi, dipun damel sami, kula sanget gumun.

Kula nyuwun jarwane kang yekti, supaya tan ghiduh, salang surup pangrasa kulage, sampun ngantos kalajeng tan uning, dhateng tegesneki, supados sumurup.

Lamun boten sumurup sayekti, tamtu atumpangsu, lan makaten kalintu tampane, yekti badhe dados tiyang ingkang tune donya tekeng ngakir, grudug tan wruh rembug.

Sang Aprabu angandika aris mring garwa sang sinom iya

yayi uki sabenere, oleh ngelmu yen tan bisa ngerti, nora dadi becik, malah dadi bingung.

Yen wus bingung tamtu nora bisa dadi, pikire klerugon mesakake wong iku uripe, mula sira ingkang ngati ati, yen durung mangerti, takokna agupuh.

Ing samengko sira ingsun jarwani, prastawakno yektos, yekti iku mangkene jarwane, pan supiyah nora kena yayi, den arani chapi, dudu bangsanipun.

Terangira mangkene kang wangsit wecane kinaot chapi iki yayi satemene, ya lhatifah kapi den wastani, tegese nyukupi kawruh agal alit.

Kang lhatifah kapi den arani, manungsa sejatos ingkang sampung mirantos prabote, artinira wiwit anyukupi, nanging uga yayi, abot sangganipun.

Awit uwis akeh gudhaneki, sabarang wigatos iku kudu prayitno tindake, ala becik den angkah sayekti, den supaya suci, mligi jatinipun.

Yen wus mligi kalbune wening, kaliling sayektos wigatine sabarang karsane, aneng ngalam gaib iku yayi, menggih sihing Widhi, aparing pitulung.

Iku yayi kang lhatifah chapi, tegese kang uwus maligine kang bangsa Hyang reke, ingkang uwis anyukupi yayi, cukup ati wening, tan kamoran iku.

Watong ira kang dhawuh amuni, kang wus dadi watong masalufurihi kapindhone, kamiskatupiha misbakuning, teges kang sajati, mangkene riningsung.

Cahyanira atining wong mukmin santosa ing batos iku iya dene ta wujude, urupbiro lentera lan eting, bisa amadhangi, kiwa tengenipun.

Iku yayi paseksin yen chapi tan winor, lawan napsu supiyah tegese, kabeh karsa kang ambeg kapengin ngajak nora wening, sabarang rehipun.

Pilahira supiyah lan chapi, banjur bisa katon lamun chapi

pan dudu jenenge, den arani supiyah punika, teges napsu yayi, yen chapi ranipun.

Awit chapi iku tegesneki, anyukupi batos batos ingkang rahayu sucine, suci ora kamomoran yayi, mring godhaning ati, wening kalbunipun.

Kalbu wening iku anyukupi, sabarang Hyang Manon wiwit tambah ing kawaskithane, aneng jroning alam kang wigati, iku den nastiti, amor pisahipun.

Mula chapi tan kena den mori, supiyah amanggon awit panceñ adudu benere, kaangkaha supiyah atebih, lan latifah chapi, jumbuh ing lan dhawuh.

Waladi najaubu punika, pinalanah minor, diyane um subulana reke, tegesira mangkene kang yekti, sing sapa abangkit nyegah hawa napsu.

Lawan nora manut godha yayi, jroning lahir batos, awit saka netepi prentahe, Gusti kita iangkang Maha Suci, iku antuk margi, tumeka Hyang Agung.

Mangkono ta yayi dhawuh neki, iku panceñ yektos lamun nora mangkono lakune, iku mesti nora bisa dadi, kajaba ing wasthi, iku seje rembug.

Awit kapi kena den arani, kang abosa eroh, rohaniyah iku bebasane, tegesira, kang bangsa Hyang Widhi, umpamane warih asin kinclong tuhu.

Robaniyah iku pan anunggil, anunggil wigatos ing kubusing ngalam iku reke, tegesira pan iya nyukupi, uwis dadi siji, tingal kang satuhu.

Yen mangkono yekti trus ing nagti, pradawaning batos dadi mukmin kang ekas yektine, yektine rasa kang dhemen dhikir, dhikir ismu dadi, condhonge lan dhawuh.

Waman kanapi adihi yayi, akmafahuma mor pil akirati alma teruse waadolhu sabilan sayekti, tegese punika, wong ing donyanipun.

Donya kene wuta tan aningali, besok ing ngakerat iya wuta tan melek tingale, nora weruh marga kang yekti, iku bodho yayi, tan weruh ing ngelmu.

Semene wis bisa dadi margi, kang minangka oncor, kena kangge nyuluhi margane, wruh bedane supiyah lan chapi, estokna sayekti, supaya antuk wahyu.

Aturira kang garwa wot sari, mring raka sang Katong, duh pupunden kula Sang Pamase, sapunika kula sampun tampi, weca kang sayekti, yekti sampun jumbuh.

Ing samangke raosing tyas mami. saklangkung gumathok gamblang padhang narawang rasane, acumeplong datanpo upami, awaluya jati, jatinireng ngilmu.

Ing samangke datan mindho kardi, sampun boten kerong ironing kapti, sampun boyo badhe, kengguh marang sabarang kadadin mantep tan gumingsir, donya keratipun.

Ing samangke kula nyuwun uning, paduka Sang Katong, nengnih makom sanga wigatine, ingkang nama Akefa Sang Aji, teka den wastani, Mutmainah ipun.

Pan punika damel bingung mami, dene omor winor, mutmainah ya ahfa arane, pan ahfa ya mutmainah sami, punapa tan sisip kalintu kalantur.

Lamun boten kados pundi Gusti. yen lepat Sang Katong, kadi paran menggah katrangane, leres lepat kang supados yekti, nyuwun weca neki, amrih datan bingung.

Ingkang raka Sang Narendra Aji, ngandika wot sinom mring kang garwa mangkene wecane, iya bener panyuwunmu yayi, iki den nastiti, sejatine iku.

Sajrone makom songo yayi, ahfa araning gon diarani mutmainah kiye, iku luput durung nama becik datan cocog yayi, isih jeneng kliru.

Prastawakna iki dun jarwani, benere kang makom sanga iku ahkepa arane, nenging dudu mutmainah yayi, tegese puniku, mangkene riningsun.

Makom ahfa iku tegesneki, dhelihken riningong, padho karo iku ing arane, iya iku, luwih anyukupi, sampurna utami, sabareng rehipun.

Sabar nrima manggung nyembah Gusti, iku kang sejatos tindak becik kang tetep atine, supayane maligi adadi, manungsa sejati, jatine Hyang Agung.

Sajatine ahfa iku yayi, wus sampurna yektos bangkit birat sarta delikke, nyirep marang hawa nepsu neki, santosaning ngati, iku tegesipun.

Watonira mangkene kang yekti. unine riningong, layuk raful chaku wigatine birrijali walakin punika, tukrapul rijali, bilakli puniku.

Tegese iku kang makiki, tindak bener uwong, nora bisa katitik sing wonge, nanging uwong kang katitik yayi, saha tindak neki, kang bener puniku.

Artinira ala lawan becik ngatese uwong, sayektine katitik adate, kalakuan dadi tondho yekti. seksi nomer siji, wis tan bisa kleru.

Dene napsu mutmainah yayi, tegese riningong, tentrem sabar narima karsane, iku dados panuntuining ati, kang cedhak Hyang Widhi, dhikir ismu dadtun.

Mulanira satemene yayi, mutmainah dadi wewadahe kang ahfa jatine, solah lawan samprna nya tunggil, tunggil dadi siji, tentrem aneng kalbu.

Yekti kabul kabuka Hyang Widhi, aneng jroning batos pindha sorot lihsetrik suklihe, amancorong amadhangi margi, kang tekeng Hyang Widhi, mangkono wus jumbuh.

Cocok lawan waton nira yayi dawuhing Hyang Manon, muntacharaba ileyashe dzbrad atcharabtuili, idirangan yayi, iku tegesipun.

Sapa wonge cedhak mring Hyang Widhi, sesengkang Hyang Manon Gusti Allah mesthi cedhakke, marang uwong mung saharta yayi, mangkono Hyang Widhi, sih ira mring manusa.

Mula sira aja wigah wigih, manut mring Hyang Manon lamun sira bisa nurutake, marang dhawuhing Hyang Widhi, mesti bakal dadi, kang jinangka ketuk.

Wis samene bae anyukupi, kinarya pangilon aja nganti kalepyan anggere, kang supaya bisa dadi becik donya tekeng ngakir, aja kaleru.

Retna Dewi Dumilah wot sari, umatur Sang Katong, duh pupundhen kawula jatine, acumeplong rasaning tyas mami, nenggih anampeni, wulang kang satuhu.

Mugi dados ugering tyas mami, kancandhik ing batos mewahana kusnul kotimaha, mugi antuk kabarkah Sang Aji, katur sembah bekti, kaswaran ing kawruh.

Nglaras rasa ngesti tunggal (1866) Sang Dewi Retna Dumilah, matur malih mring Sang Katong, lamun dhangan tyas paduka, kula nyuwun wuninga, jronireng makim sapuluh, kang nama jamingul badan.

Kados pundi teges neki, kalawan wigatosira sarta malih panindake, awit ing ing salami nira, awit kala anampa, mung-dikir Allah punika, neng makom jamingul badan.

Lamun kula tan mangerti, temtu badhe duna dungkap panindak kang tanpa gawe, sajroning tyas gagap gagap pangang-gep tidha tidha, apa ngene apa dudu, satemah angayawara.

Lajeng nama waton muni, ngantos kesel tan tumeka, suwe suwe bosan tyase, ya embuh angger tumindak makaten nama peksan, mangka watekipun manusa tuladha kang kathah kathah.

Lamun timindak tan ngerti, danguning dangu agadah, ngalenthor bosen tyas mengleng, mahanani anggenira, wiji tan pracaya, ing pangangkah arsa bagus wurung becik dadi ala.

Beda lawan kang ngerti, terang padhang tyas narawang, temtu mantep pangandele, sumenteg raosing manah, sampun tan semang-semang, ing lahir tumekeng kalbu, tataq titis tumanhangnya.

Sampun boten wigah wigih, nenggih makaten punika, wiji santosa ning manah dadya, patitis ing paningal tan kepeleset sedyanipun, ing donya tekeng delahan.

Pramila saking punika, sagediro kasembadan kedah manger-tos kateteh, awit sabarang tumindak kalamun tan ngertos, iku nama ngaler ngidul aran bingung aneng marga.

Yen makaten tetep nami, kojur kang kadalu warsa, nyanuk nyanuk salawase, pramila pamanggih kula, langkung rumiyin minta, nengertos saatrang ngipun kang nama jamingul badan.

Sasampuning kula ḫangkit wuninga, terange asma, gampil panindake mangke, mila paduka Sang Nata, datan kenging suwala, kapareng aparing wuruk mring jasad kula punika.

Sang Prabu ngandika manis mring garwa Retna Dumilah, duh pupuaningsun dhewi, teka wasis temen sira, ngungkuli para priya, iya yayi kabeh iku, bener ingkang dadyo kasanto.

Ingsun ora bakal wigih, paring katrangan mring sira, mapan wus dadi benere, nanging samengko weruhe, iku nuju Kyai Budiman ibnu, bin Mukamat Kasan Sowan.

Juru kunci Ngendra Rukmi, iku mbok manawa bisa, ngatur-ake kahanane, kabeh kabutuhan nira, iku bisa trawaca, awit akeh kawruhipun tatas ngelmu kabatinan.

Sang Retna Dumilah Dewi, dangu mring Kyai Budiman kapriye Budiman kowe, kabeh mau jarwanana, kang gamblang lan sing terang, karya amareming kalbu, kang trawaca wela-wela.

Kyai Budiman wot sari, umatur marang Sang Retna, Dewi Dumilah Sang Sinom dhuh Gusti pupundhen kula, pandangan jeng ngandika, makom sadasa punika, kang nama jamingul badan kasar ku, nanging badan kaalusan.

Dede panindak kang gusti, dikir ing makim sadasa, engeta mring badan kabeh, kang alus-alus sadaya, inggih badan kang samar, inggih lataib puniku, tegese kawicaksanan.

Jamingul badan puniki, kenging ugi kawastanan lataib

jangingul badane, tegesipun pira-pira, barang kawicaksanan mugi ing paduka sampun kalepyan teges punika.

Manawi sampun tan laki, wacane jamingul badan lajeng makaten tindake, kang supados kaleksanan datan anduna dungkap makaten ingkang perlu rumuhun kedah ngawuningan.

Sadaya bangsa lataib, sawiji lataib ruhnya kalih, lataib sirine, tiga lataib kalbunya, punika kawawasa, makaten panindakipun amrih saged dipun cetha.

Dhawuhing waton jeng gusti, wamuraki batul lawan kalbu punika tegese anginjen injen ing manah, wamuraki batul lan siri apan tegesipun anginjen injen ing rasa.

Wamuraki batul raki, pan punika tegesira, anginjen injen ruh reke, tigang prakawis punika, anginjen ati kalawan anginjen rasa sarta ruh, punika kaestokaken.

Kula terangaken gusti, pratikeling nginjen manah, rasa kalawan ruh mangke, siji panginjening manah, makaten patrapira, punika tumindakipun weca kang sajatosira.

Anginjen manah puniki, sampun pisan-pisan karsa, mring sabarang panggawene, ubaling angkara murka, amanut napsu ala, den santosa ironing kalbu, sadaya godha rencana.

Kajawi punika gusti, datan kenging manggalihnya, mring kahanan donya kabeh, utawi sawiji janma, punika datan kena, miwah kahanan sadarum tukutu walang ngataga.

Boten kenging den kinapti, datan kenging kalebetna, sajroning panggaleh reki, angemungaken satunggal Gusti Allah piyambak pineleng sajroning kalbu, Ismudati Allah Allah.

Cocoke waton puniki, pan Allahuma anisna, bikurbi kawamlak mangke, kulu bina bikubika, lan walatu changnipa, makaten ta tegesipun duh Allaha mugi tuan.

Angebeki manah mami, kalawan asihing tuan saha mugi sampun ngantos nyondhongaken manah kula, ilachang dina ika, gherik pan tegesipun dhateng barang lawan tiyang.

Satunggal kemawon gusti, kajawi tuan piyambak yarobal ngalamin reke, gusti tegese punika, duh dat iangkang kawaca, iangkang mangrani sadarum ing ngalam jagad sadaya.

Lah punika tanda yekti, duh gusti kaestokena, iang saben siang ratrine, pituduhing ati Allah, anenggih kawastanan nginjen-injen manahipun punika aran mukminkas.

Dene nginjen rasa : gusti, mangeten katrangan nira, pratikel lan panindake, supaya antuk ngapura, tetep anginjen rasa, punika gusti jeng ratu, Sang Dewi Retna Dumilah.

Kedah resik getih neki, resiking getih pan saka, datan crobo dhaharane, teges ahli tappa brata, cegah dhahar lan nendra, tan dhahar awisanipun, ing sarak agami Islam.

Punika aran wirangi, yen sampun makaten nama, getihnya resik ubale, mahanani aneng manah, suci rahayunira, yen makaten nama jumbuh, lawan karsaning Pangeran.

Yen sampun makaten gusti nama manggung engetira, mring Gusti Maha Kuwaos, makaten pratikelira, inginjen-injen ing rasa, lawan dikir saben wektu, gangsal wekdal Allah : Allah.

Cocoke kalawan wangsit dhawuhira aneng lapal chob aflabamdzajakkehe utawi zakkahu : munggal tegesipun punika, temen begja wong punika, tumandang nuceni tyas.

Lawan malih kang kaping tri, nginjen injen ruh punika, makaten gusti patrape, kang dhingin ngrumangsana, kalawan boten daya, manawi boten pikantuk pitulunganing Pangeran.

Pramila ngagesang gusti, kedah narima pandumnya, sumarah karsa Hyang Manon kiyat ngampet yen kataman sak serik ujar ala, santosa sajroning kalbu, boten gadhah papenginan.

Meneb atinira wening, boten ujub kikir lawan ngetoghake kabecikanne, manawi bangkit mangkana, punika ingkang nama, nginjen injen ruh puniku, punika tetep mukminkas.

Makaten punika gusti, iangkang nama dikir pana, jamingul badan arane, lamun tan bisa mangkana, yekti datan tumeka,

ing panginjen injenipun neng dikir jamingul badan.

Lamun boten anetepi, kula tanggung ngayawara, namung saged mungel mawon, tuwas mumet kacemutan tan wurung nunjang-nunjang, kaplantrang kabekta setan tuwas bundas nora kandas.

Watonipun wonten gusti. kaliruhing pan punika, min amra-robi, tegese, ruh iku satengah saka, prakaraning priyangga, kang aneng panjenenganipun gusti, punika tetela.

Pramila punika gusti, kalamun manungsa pana, dhateng panginjen injene, ati : ruh kalawan rasa, punika sampun nama, suci panangkal budi, pan prapteng pangayunan Allah.

Sapunika Sang Putri. paduka kedah angangkah supados sageda tetes sadaya atur kawula, bab ing makim sadasa, dikir jmingul badan ngung, jula amuji kabula.

Engeta manungsa gusti, datan lama wonten donya, sadaya mesti matine, kalamun sampun palastra, datan sawiji ana, ingkang wang sul donyanipun punika kaengetana.

Watonipun wonten gusti, kulu napsin pan punika, daikul mabdat reke, sumailen : lawan turjangan tegesira, sawiji wiji-ning manungsa punika padha palastra.

Kang pejah sadaya sami, sowan wonten pangayunan aneng Ngarsaningsun dhewe, makaten dhawuh kang nyata, pramila jengandika, ingkang prihatos ing kalbu, mugi antuka ngapura.

Benjang prapteng dinten neki, iang ngari delahan nira, sampun kathahen dosane, aneng pangayunan Allah, sampun ambekta dosa, ambekta asolahipun punika kang nama Swarga.

Sampun samanten rumiyin atur keterangan kula, kados sampun cekap yektos, kalamun karsa paduka, bade amundut priksa, sanesipun kula suwun sampun pakewet punapa.

Pan sampun kula cawisi, sadaya karsa paduka, tumrap kawruh karahayon jeng gusti sampun sumelang, sawanci wanci karsa, kenging tumenten andangu, jula sakalangkung bingah.

Sang Retna Dumilah Dewi, mangsuli suka tyasira, Kyai Budiman Ibnune, bin Muchamad Kasan iya, banget ing panarima, kabeh kang dadi aturmu, wecaning jamingul badan.

Rasaning tyas mami yayi, luwih lega bisa padang, rumangsa uwis cumeplong, ing sakala barang padang, nrawang tan ti-dha-tidha, tan liwat pamujiningsun muga sira lestariya.

Suwita mring narapati, kanjeng Sri Narendra mulya, Sanga Prabu Jeng pamase, Jatiwasesa : Sang Nata, ing praja Ngendra Mulya, Nata ambeg amawiku, dadiya ing param para.

Kyai Budiman bangkit, umatur angela ela, mring Retna Dewi Sang sinom, duh papundhen gusti kula, pan dhawuh jeng paduka, kula candhi kula embun mugi kabula sadaya.

Sang Nata ngandika aris, iya ing sira Budiman sun nekseni mrih kabula, kyai Budiman wot sembah, nuwun berkah sang Nata, kacandhi telenging kalbu, dadosa kanthining gesang.

Karya padhang trusing kalbu (1935), Sang Prabu ngandika aris mring garwa Retna Dumilah, yayi kapriye samangkin rasaning tyasira, apa wis marem ingkang sayekti.

Kang garwa matur wot arum mring kang raka Sri Bupati, nuwun dhawuh jengandika, raosing manah samangkin sampaun rumaos waluya, jatineng padhang sayekti.

Nanging samangke Sang Prabu, kula nyuwun kaparenging, paring pitedah ing kula, prakawis makom Sang Aji, ingkang kawastanan papan natekom : sawelas nginggil.

Aduh yayi garwaningsun wanodya ayu linuwih, ing donya datana sama, sabarang uwis kita pranaweng kapti ya yayi sira bacutna, andangu mring juru kunci.

Kyai Budiman ibnu bin Muchamad Kasan yayi, sun kira nora sumelang, sabarang uwis mumpuni, iang sagadug gadug gira, kaya ora nguciwani.

Sang garwa nulya umatur, mring raka Sang Narpati, nyuwun dhawuh jengandika, jula sendika nglampahi, pan kula sampaun nyatakne, pancen sayektos mumpuni.

Nulya Sang Retna Jeng Ratu, andangu mring juru kunci, bapa jru kunci, mangkya ingsun tanya mring sireki, tarbiyah makom sawelas Natekot iku kang nama.

Kapriye ta tegesipun, lan panindaking sun iki, rehning aku durung cetha, wigatine natekotti, kalamun durung tra-waca iku yekti tanpa kardi.

Kyai juru kunci matur, mring kanjeng Ratu wot sira, nuwun dhawuh kang timbalan kula sandika nglampahi, mundhut wuning ngaterangnya, wigatosing netekotti.

Makaten sajatosipun, tarbiyah ing natekotti, punika ta tegesira, tarbiyah teges andhidhik ugi saged kawastanan nuntuni, punika gusti.

Natekot pan tegesipun angucap, utawi milih pitutur ing kaalusan makaten katranganeki, natekot pan bangsanira, latipah napsu puniki.

Latipah kaanan alus napsu, napsu tegeneki, kabeh pira-pira hawa, natekot pangucapneki, dados wetahipun weca, anuntun marang utama.

Pangucap pituturipun pinten pinten hawa tuwin napsu, punika sadaya, sampun ngantos den turuti, mugi sageeda santosa, diawas kalawan eling.

Makaten sajtosipun jetine ngucap yekti, yekti lan suci-ning manah, sucine saking kadadin dadine saking kahanan punika minangka saksi.

Seksi ana ayatipun Pangeran kang Maha Suci, kahanan punika wening, ingaran sipating Gusti, angebaki sabuwana, lengghal aneng natekotti.

Mila natekot puniku, sentraleng kahanan Gusti, pramila kedah santosa, datan kenging gina gampil awit ngriku papanira kawontenan jagad ngiki.

Kasebut pepacuhipun aneng jroning natekotti, natekot pangucapira, mripat kuping grana tuwin pangucaping lesan rasa kumpul aneng sanubari.

Mila manungsa jeńg Ratu, jumeneng kang sanubari, pan aslira punika, saking netekot puniki, manungsa saged anata, sing ngubaling sanubari.

Makaten ta kangjeng Ratu, nenggih tumuruning gaib, gya gaib tumurunira, dateng bun embunan gusti, lajeng kendel neng utak, tumunten tumurun malih.

Neng netra kita punika, lajeng tumurun ing kuping, tumurun malih ing grana, lajeng tumurun umaring neng lesan kita punika, lajeng tumurun tumuli.

Aneng sanubari agung, terus sumrambah nglebih, ing jasat kita punika, sakojur bangkit nguripi, pramila wigatosira natekot punika gusti.

Kedah suci manahipun rahayu budi pakarti, kang supados erohiro, wening sumrambahh ing dhiri, mahanani terangira, leresing paningal jati.

Cocok lawan watonipun dhawuhira kanjeng Nabi, utusanira Pangeran Muchamat panutan mami, makaten ing lapalira, jroka-dis dhawuh umuni: Alkayissu lan puniku mandana napsuhu tuwin mangamil limabakdal maoti punika gusti, pan makaten tegesira, ingkang kawastanan jalmi.

Waspada apan puniku, janma ingkang tansah niti, niti marang awakira, punika dipun wastani, acacawis sangunira, ing benjing tekaning pati.

Makaten gusti jeng Ratu, Retna Dumilah Sang Dewi, pupundhen kula paduka, amung punika sayekti, atur pameca kawula, natekot ingkang wigati, punika kawula amung, sumangga karsa Sang Dewi, leres lepating sumangga, kawula namung sadarmi, boten langkung kaparenga, paring gunging pangeksami.

Sang Retna mangsuli gupuh, paring dhawung mring kyai, iya bapa sun narima, aturmuh marang wak mami, lega rasaning tyas padhang, sun pupundhi trusing ati.

Sang Prabu ngandika arum mring garwa sang Retna Dewi, kapriye yayi tyasira, apa wis marem sayekti, kang garwa matur wot sekar, nuwun sampun marem jati.

Malih ngandika Sang Prabu, mring garwa mamalating sih, sun pundhut sira ngasowa, besuk den ambali malih, prayoga tentrem kewala, jroniing sawatara ari.

Kang garwa nulya amatur, mring kang raka Sang Narpati, sandika dhawuh paduka, lajeng dhawuh mring kiyayi, bapa sun lilani sira, mundur saking ngarsa mami.

Ing besuk kalamun perlu, sun utusan animbali, awit saiki wis wayah, wancine angaso dhisik kyai Budiman wos sembah, nuwun sendika jeng gusti.

Samana telasing dhawuh, nulya abibaran sami, Sang Prabu lan garwanira, jengkar ngadhaton sarimbit, kyai Budiman medal wangsul dhateng wisma neki.

Tan antara dangunipun kaparenging Sang Narpati, amiyos sarimbit nenggih, kaleres pasowaneki, kiai Budiman Ibnu bin Muchamad Kasan uwis.

Ngadep neng ngarseng Sang Prabu, lawan suami Sang Dewi, inggih Sang Retna Dumilah, tumuli dangu mring kyai, padha becik bapa sira, sowanmu neng ngarsa mami.

Kyai Budiman nya matur, mring Sang Prabu awot sari, sakalian ingkang garwa, nuwun dhawuh padukaji, sakalangkung bingah kula, barkah paduka sarimbit.

Kula canthi kula embun dadosa jimat salami, lumeher ing anak semah, pindha ilining kang warih, murakabi ing kawula, miwah tiyang sanagari.

Sang Prabu ngandika rum, mring kyai juru kunci, iya muga kinabulnya, mring Allah kang Maha Suci, Sang Dewi Retna Dumilah, ngamini dhawuh Sang Aji.

Sang Retna Dumilah matur, mring kang raka Sang Narpati, pupundhen kula paduka, kula nyuwun kaparenging, panggalih ingkang prasaja, kula badhe nyuwun uning.

Kadiparan jatinipun murdeni, awit yek kula nedha, katrang-an ingkang sayekti.

Ki guru mung cekap matur, sirik dan kenging sayekti, mugi lajeng linampahan ing benjing panggih pribadi, mung makaten aturira, malah kula den ajrihi.

Sang Prabu ngandika arum, iya yayi garwa mami, kang mangkono iku paman wis dadi carane yayi, kawruhe kinarya angsal dinadi supaya awis.

Sang Retna Dewi jrokalbu, gumujeng kekel asarwi, matur dhumateng Sang Nata, lajeng kula kados pundi, lamun paduka tan karsa, paring pitedah kang yekti.

Sang Nata ngandika arum duh pupuaningsun yayi, aja sumelang tyasira, prakarsa tarbiyah iki, napi isbat tanjanira katrangan lan tindakneki.

Sun lilani sira dangu, marang Budiman kiyahi, Ibnu bin Muchamad Kasan juru kunci Ngendra Rukmi, kebeneran uwis sowan ingsung kang mirengken yayi.

Sang Retna Dumilah dangu, kiyahi juru kunci, heh bapa ingsun tetanya, wecane napi isbati, patrap katranganira, tu-manjane aneng dhiri.

Kang supaya panindakku aja sasar susur kyai, mangkono kalamun ngantya, pan dadi guyoning pitik kajaba nama kuciwa, nguciwani donya ngakir.

Mara matura den gupuh, mring ingsun ingkang sayekti, sun lilalni kanthi lega, legawaning tyas kang suci, bakal nampa aturira, wigatine isbat napi.

Duh gusti kawula matur, konjuk paduka Sang Dewi, katranganipun tarbiyah, napi isbat kang patitis punika kula sumangga, katur ing paduka gusti.

Napi isbat pan puniku, nami tarbiyah kang inggil ananging kawuninganna, gawatipun ngelmi gusti, sanadyan inggilla pisan kalamun boten mangerti.

Pan puniku namanipun andhap jenengira ngelmi, mila sadaya punika, kedah sami-sami gusti, dasar inggil ngelmunira manger-tos wigatineki.

Punika ingkang satuhu, tuhu pradapaning wali, apese muk-min ingkang kas santosa ati kang suci, socaning jiwangga nira. ing gambuh marang Hyang Widhi.

Wor rasa sanget limut (1866), napi isbat punika jeng Ratu, kanti serat kang pitung prakawis gusti, satunggal pan ukup kolbu, kalih nahan napas uwos.

Tri eling tulisipun kawastanan angalirik kurup ping sakawan eling, mahnanira tulis utawi eling: la: nipun gangsale eling Illolah gon.

Punika wastanipun mungkulaken Illolah puniku, kaping neneme eling Rasulolah gusti, pan puniku wastanipun ngeculaken napsu gupoh.

Saking wilangipun ingkang ganjil puniku jeng Ratu, kaping pitu eling ing wilangan ganjil dipun wastani puniku kasil wilangan ganjil wor.

Punika kanjeng Ratu boten cekap namung watonipun saged mungel kang sangking pakoning kyai, guru ingkang mulang ngelmu, embuh dadine tan weruh.

Punika namanipun dereng nami sampurna ing kawruh, yen makaten punika dereng patitis nama tindak sasar susur, kasasar margining momok.

Utawi olah ngelmu, makaten nama tan ketemu, temah bosen lampahipun mandheg margi, tan dumugi sedyanipun tambah peteng jroning batos.

Mila gusti jeng Ratu, ing samangke kawula umatur, mring paduka terange napi isbat, kalawan panindakipun supados saged cumeplong.

Napi pan tegesipun ora ana punika jeng Ratu, isbat neng-gih tegesira kang sayekti tētepake ananipun makaten gatining raos.

Gusti Allah punika, norahana: nging ana Hyang Ngagung, tegesipun tembung nora nana Gusti, tanana sawijining kang ngupamani Hyang Manon.

Punika yektinipun yen Hyang Agung tan kenging dinulu, teges ingkang makaten punika gusti, mengku raos ananipun gatine rasa cumeplong.

Jer ananing Hyang Ngagung, tandha yekti yen kawula sagung, ngrumangsani kalawan wonten Hyang Widhi, sakabeh ing karepipin tan mesti bisa kalakon.

Punika tandhanipun Gusti Allah punika satuhu, dat kang sugih, datan ana kang nandhingi, saking ing sadayanipun ing ngalam donya sang sinom.

Punika seksinipun bumi langit saisine sagung, pan punika minangka tanda kang yekti, teteping ana Hyang Ngagung, tumrapira lahir batos.

Batosipun punika, jroning rasa kawaca kawengku, amengkoni jroning wengku wonten urip, urip jatine Hyang Ngagung, kang langgeng ngalam kinaot.

Wonten malih adhawuh sapa ingkang boten saged weruh, mring Pangeran punika anama kapir, punika pan tegesipun manawi datan pitados,

Utawi boten gugu yen Pangeran wonten satuhu, jer punika dipun wastani wong kapir, lan sapa kang weruh kupur makaten teges kang yektos.

Dene yen wani ngaku, bangkit uning wujuding Hyang Ngagung, netepaken datipun Pangeran Gusti, kinasat mripat puniku nama kupur : jatosing wong.

Lan malih dikiripun pratikeling napi isbatipun den sangkani saking jamingul badaning, makom sadasa puniku ing puser pernahing enggon.

Lajeng pratikelipun napas sareh katarik mandhuwur, kalanggahna ing makom sanga : jeng gusti, Ahkefa tengah genipun antaraning susu loro.

Ing dhodho jatinipun sawatara katarik mandhuwur, kalanggahna ing makom sawelas gusti, natekot pan pernahipun ing bathuk dununing enggon.

Lajeng mubet lumungsur mandhap dhateng makon nem puniku, nama eroh pernahira ngandhap neki, susu kang tengen puniku, panariking napas alos.

Lajeng ing makom wolu, nama kapi punika jeng Ratu, pernahira jejer ruh kapara ngarsi, napas katarik agupuh, langkung pundhak tengen amor.

Lajeng mubet tumurun langkung pundhak ingkang kiwa terus mubet dhateng makom pitu ingkang nama, siri apan pernahipun jejer sanubari manggon.

Kapara ngarsanipun aneng ngriku napas sareh gupuh, kasarehna sawatara nulya malih, mangandhap katarik alus mring makom gangsal sang sinom.

Nama Sanubari ku, pernahira aneng ngandhap susu, aneng kiwa letira namung sanyari, gya negningken tingalipun dikir Allah : Allah manggon.

Sang Retna ngandika rum marang kyai Budiman bin Ibnu, bin Muchamad Kasan ingkang aneng ngarsi, bapa ingsun nyela wuwus, kapriye patrap kang uwos.

Nariking napas iku, jroning narik apa kang pinesu, apa amung lugu narik napas hening, ingsun supaya waweruh, tinda-king bisa wigatos.

Kyai Budiman matur, nuwun inggih jeng Ratu, pan nari-king napas kedah mawi isi isi puji napasipun, Haillah Haillolah mor.

Makaten patrapipun wiwit makom sadasa : la : ipun minggah marang makom sanga : i : pinusthi, minggah makim sawlasipun lhaha esthi nireng batos.

Terus mring makomipun nenem wolu kasampar illi pun lajeng terus mring makom pitu : la : neki, mlebet marang makomipun gangsal sanubari manggon.

Ngriku lah pujinipun pan makaten panariking nyengkut wungsal wangsul wiwit makom sadasa ning, makaten pangguyengipun ngantya luyut mring Hyang Manon.

Sang Retna ngandika rum, iya bapa samengko tyas ingsun wis mangerti kanti padhanging pamikir, samengko pan wis jumbuh, budi lan pakertining ngong.

Ing samengko pan ingsun arsa weruh sarat pitu, kang wus sajatine apa iku bapa kyai. awit kalamun tan weruh, iku nama kabes turon.

Patrap pratikelipun panindake kang supaya karuh, yen ta datan weruh tegese sayekti yekti nora bisa jumbuh, barang kang arsa linakon.

Mangkono aranipun gudel bingung kasusu nut grubiyuk yen kapengkok lingak linguk tan wruh margi, tundone mance-reng ngabyuk banjur nyatru emoh amor.

Kyai Budiman matur, mring Sang Retna Dumilah wot arum nuwun inggih kaluhuran Sang Dewi, pance makaten satuhu nora oncat saking waton.

Kawula matur nuwun, ing samangke kawula umatur, keterangan sarat kang pitung prakawis siji ukup kolbinipun kang sayektor.

Ngalirake puniku, sakathahing lataip jeng Ratu, artinira punika ingkang makiki, butuh ing sakathahipun kawicaksana-ning batos.

Punika kanthinipun ngandelaken ing anggotanipun saranduning badan punika kang hening, mungkul eling mring Hyang Ngagung, netepaken pangrumaos.

Mercayaken Hyang Agung, pan puniku sawiji datipun iangkang boyaa ana siji kang madhani, lan tan wonten emperipun tan kinaya bapa yektor.

Dewi nahan napasipun jer punika apan tegesipun ngeculaken napas ing ngandhap pireki, puser jamingul badan ku, culing napas alon-alon.

Sampun ngantos jeng Ratu angrekaos ing panarikipun sarta boten kenging akrenggosan gusti, saha nyirnakken napsu, tegese kang arang alus.

Tri eling tulisipun pan puniku nglirih tulisipun tegesira punika iangkang makiki, mengela ing puseripun dumugi ing uteg manggon.

Kanthy paningalipun aningali tulis ilhaku, tegesipun Lailaha pan puniku ana Gusti Maha Agung, makaten puji kang yekti.

Pundak tengen jeng Ratu, tulis il tegese puniku, ora : nora aneng dhiri kita Gusti, makaten dumuginipun sumeleh sanubari gon.

Ing ngriku tetepipin lapal Allah esthining pandulu, tegeipun punika ingkang makiki, Gusti Allah wajibipun wajib anane sayektos.

Sasampuning puniku, lajeng nyipta rupane : la : iku, tegesipun anekakke puniku, ingkang nedahaken weruh, meruhaken tingaling wong.

Tingale wujudipun wujud tingal kang pindha sireku, pangleburan aneng badan samar Gusti, lebur ilang tingalipun, tingale rupa kang yektos.

Yektose neng sireku, mung karsane punika satuhu, anuhoni rupa kang pindha pribadhi punika pan wujude jiwangga katon.

Tindak ing lahiripun eling tulis punika jeng Ratu, blirih tulis punika tegesireki, ngertos barang tindakipun sabarang ingkang linakon.

Awon lan saenipun kedah awas kedadeyanipun polah tingkah ngati ati pakartining, punika aran awas emut tuladan marang waspados.

Punika nama jumbuh, jumbuh lawan karsa nireng dhawuh, eling punika jeng Sang Adewi, yen makaten enggal karuh, pamucungingreng Hyang Manon.

Gatinipun papadhang trusthaning kalbu (1935), ingkang kaping papat eling ing mahnane tulis jeng punika artinira eling mring : 1 :

Tegesipun "la" punika kangjeng Ratu, Illolah punika, utawi lamak ujudi makujud Illolah punika nama.

Sabutipun lamak bud Illolah : "hu " artine punika, ora ana ingkang wajib ujud ana : kajaba Allah balaka.

Tegsipun kaanan ing sanesipun saliyaning Allah, wening wujud ananeki, wening boten kahanan donya punika.

Gamblangipun : "la " punika kanjeng Ratu, netepaken : ana, Allah mesti ananeki. milanipun manungsa kedah prasetya.

Tegsipun setya eling maknanipun artinya punika tindak becik lahir batos, batinira setya tuhu mring Pangeran.

Lamun lugu, temtu enggal akatemu, marang ananira, eling maknanira tulis, jer punika wujude sastra kang cetha.

Lima nipun, eling Illolah puniku, punika artinya, mung kulaken Illolah hi tegesira kang supaya bisa gamblang.

Pan puniku gesang, elinga tumungkul mungkul mring Illolah, inggih mring kang Maha Suci, nurut mungkul eling iman mring Hyang Suksma.

Titikipun saking polah tingkahipun solah bawanira, budi pakarti kaeksi, muna muni jroning tindak pan katara.

Sugih laku, kurang dhahar lawan turu, kaangkah supaya, sudaning hawa lan napsu, jer punika titik mungkul mring Illolah.

Milanipun kedah pundhuh malihipun ing babadanira, sadaya badan lataip tegesira sadaya barang kang lembut.

Pan punika, kawicaksanan kawengku makaten punika, den wastani mungkul eling, lamun yekti setya tuhu artinira.

Mring Hyang Ngagung, yekti kaparingan sagung, ing kawicaksanan sarta kauningan marang pinten-pinten barang kang dereng sumerep.

Cocokipun kalawan dhawuh kang sampun mangami labina, ngalimangala puniki maulalohu sarta bimalamyaklam.

Tegesipun sentenana ingkang apurun sumerep kalawan nglampahi kawruhnya yekti, Gusti Allah arsa paring kanyatahan.

Sakehingpun mring sabarang ingkang durung, ing salaminiira dereng kula sumerepi, jer punika nami jumbuh karsaning Hyang.

Ping nemipun eling Rosulollah iku, punika artinya, ngeculaken napasu saking sing wilangan ganjil punika tegesnya.

Pan puniku, teges hangeculen napsu, punika artinya, kedah bangkitnya, layani, napsu hawa angkara murka sadaya.

Yektinipun nama tentram slaminipun punika den angkah, migunani batos jer punika tuladan mring kasampurnan.

Lajengipun wilangan ganjil punika, kanyataanira, rasa ruh kalawan ati, tegesira punika wilangan tiga.

Yektinipun rasa, apan tegesipun utusan punika ruh tegesira yekti, makna badan kita kang alus punika.

Tiganipun ati tegese puniku, pandom pituduhnya, sadaya barang dumadi, dadi sangking sakawit tuduhireng tyas.

Gamblangipun ati ngutus rasa namung, nglampahi ing prentah ruh kang dhatenganken karsa tiganira daya didaya tindaknya.

Milanipun tiganing ganjil senebut pandoming ngagesang, tiga tiganing ngatunggil ngobahaken kayat kayuning manungsa.

Mila perlu, pan dadya isaratipun dikir napi isbat kedah enget mring puniki, boten kenging lamun ocata sarikma.

Cocokipun wainamal lan ngamaul akla lan kumaba, kiyata fain huma puniki, dzahabab akla kaumdang habu nira.

Tegesipun jatine golongan iku, satemene dadya, budi pekerti nireki, mila lamun ilang gogolonganira.

Yektinipun nulya sirna budinipun lan pakartinira, kang becik punika gusti, yen makaten nama wigarja tinira.

Pitunipun eling wilangan ganjil ku punika artinya, kasil sing wilangan ganjil, tegesira punika ingkang sanyata.

Nyatanipun punika janma kang sampun saged angempalna, ngimpun ngucap ing ngati, ati ingkang sampun mengku ruh lan rasa.

Rasa lan ruh kang sampun nunggil sajuru aneng jroning nala,
paseretan sanubari, jer punika kang nama mejenun Allah.

Jejeripun tunggil rasa tunggil erah, krasa jroning nala,
kabul kabuka winangsit tumuruning Kalamolah sampun cetha.

Pindhanipun kadya seratan puniku, ingkang aneng dlancang,
cetha gamblang tanpa rungsit apatitis amaosing tanpa wrana.

Pan puniku, ingkang nama kasilipun, kasil sing wilangan
ganjil punika jeng gusti, cocokira kalawan waton agama.

Dhawuhipun alkayis sumandan ku, napsuhu punika, wanga-
mila lima tuwin bakdalmawdati punika tegesira.

Ingkang dipun wastani wastani waspada iku, janma ingkang
tansah niti mring awak pribadi lan cacawis sanguning alam
delahan.

Milanipun kang perlu dikir puniku, napi isbat kedah, nyu-
merepi rukun neki, sarat ingkang pitung prakara punika.

Ringkesipun sarat pitung prakaraku punika terangnya,
supaya gampil tinampi, pinala lakikisane ngelmu nyata.

Cethane siji, ening tegesipun madhep maring Allah, ngi-
manaken mring Hyang Widhi, boten supe ajrih mring Pangeran.

Kalihipun aring aneng jroning kalbu, punika tegesnya, lega
legawa atuwin rila mring sadaya cobaning badan.

Tiganipun wening punika jeng Ratu, tegese punika, tentrem
patinira suci, mung mumuji pujine dhawuhira.

Papatipun becik punika satuhu, punika artinya, anggulangi
arda neki, nlayani sakridhaning napsu hawa.

Gangsalipun setya tuhu, pan puniku, artine punika, nglam-
pahi dhawuh Hyang Widhi, ingkang boten mingset saking
pangayunan.

Nenemipun weweka punika perlu, ngangkah kaslametan
andhap asor sabar brani, anarima kataman serik sasama.

Pitunipun mangerti wigati sagung punika teges nyobi
prayitna awas eling, jer punika marganing mring kasampurnan.

Milanipun manawi boten kacakup sarat napi isbat kang pitung prakawis gusti, tanpa dadi wiritira napi isbat.

Tanpa ngukup lakune wigar alarut kabuncang maruta, larut sirna resik gusis ora anata beting ngelmu sajatyा.

Mung puniku, atur kawula kang perlu, perluning tarbiyah, napi isbat kang sayekti, lamun boten makaten mesthi tan dadya.

Milanipun samangke sumangga katur, ing ngarsa paduka, leres lepating sadarum amedharken sajatining napi isbat.

Kangjeng Ratu, Retna Dumilah nabda rum, ya bapa samangkya, lega raosing tyas mami, lahir batin wus kacakup pathinira.

Sira iku, panceñ wong tuwa satuhu, nora balekena, pitakone anak murid patut lamun ginuronan mring sasama.

Durung tau weruh wong kaya sireku, putus kawruhira, budi pakarti mumpuni, terang gamblang lamun asung katerangan.

Mula iku, banget trimaning atiku, saka aturira, padhang narawang tyas mami, ingsun canthi jroning ati prapteng laya.

Pan sireku, sun anggep wong tuwa tuhu, tuhu uwus wikan, kridhaning ngelmu kakiki, ing samengko wus nora kambang tyasing wang.

Maskumambang. Wisikane amadhangi trusing ati (1935). Kyai Budiman Ibnu bin Muchamadin, juru kunci Ngendra Rukma.

Duk samana Sang Nata ngandika aris dhumateng kang garwa, Sang Retna Dumilah Dewi, kapriye samengko sira.

Anampani ature si juru kinci, tumrap pamejangnya, tarbiyah napi isbati apa uwis bisa terang.

Panampamu kadiparan yayi dewi, tumrap rasanira, katimbang wejanganeki, kabeh guru guru nira.

Sang Dyah Retna Dumilah matur wot sari, mring raka Sang Nata, atur kawula Sang Aji bab tarbiyah, napi isbat.

Gamblang sanget aturira bapa kyai, katimbang kalawan para guru kula gusti, kang sampun sami kawedhar.

Sedayeku inggih sampun sami bangkit ing rasa ka rasa,
ananging dereng patitis dereng saged gamblang cetha.

Kados dene ature si juru kunci, Kyai Budiman Ibnu bin
Muchamadin Kasan ing Ngendra Rukmi ka.

Pancen limpat jembar kawruhira wasis datan akeweran,
sadaya pitaken mami, sarwa sakeca tur gampang.

Terang gamblang cetha jroning sanubari tumacep ing rasa,
datan tidha-tidha malih, cocok lahir batinira.

Kados sampun boten wonten guru malih ingkang kados
bapa, juru kunci Agendra Rukmi, kajawi karsane Allah.

Yen tan mung prakawis wecaning ngelmi, kemawon Sang
Nata kados rekaos pinanggih, kados bapa Ngendra Rukmi.

Kula sampun kraos marem jroning ati awit wecanira, lahir
cocok trusing batin, yekti tan siwah sarikma.

Mila gusti tetep dados guru mami ing donya ngakerat
guru kang pungkasan gusti minangka ambaning praja.

Sang Prabu ngandika mring prameswari, Sang Retna Du-
milah, iya yayi iang samangkin tetep gurumu pungkasan.

Ing samengko ingsun pribadi nyaidi, ingsun andhawuhna,
mring kyai Budiman Ibnu, iya bin Muchamad Kasan.

Eh Budiman samengko sira sun piji dadya gurunira, gustimu
Sang Retna Dewi, Dumilah, ingkang pungkasan.

Ingsun pasrah sabarang karseng Sang Dewi, kawruh kasam-
purnan sabarang reh agal empit, karahayon donya kerat.

Aturira kyai Budiman mring gusti, sarta awot sembah,
iang ngarsa Sang Narapati, Jatiwasesa Sang Nata.

Aduh Gusti pupundhen kawula yekti, miwah pra kawula,
agal alit sanagari, ing Ngendra Mulya sadaya.

Kang adhawuh timbalan paduka gusti, kawula karsendra,
kapatedhan dadosa abdi, sesepuh ing Ngendra Mulya.

Ngunjukken sembah nuwun donya ngakir, mugi mba angsala
lubering barkah Sang Aji, widada salaminira.

Sanga Prabu ngandika malih sarwa ris mring kyai Budiman tuwin mring garwa Sang Dewi, iya Budiman kabulla.

Yayi Dewi rehning isih ana wanci tutugna ngandika wigatine ngelmu gaib sambunge kang wis kaweca.

Sanga Dewi Dumilah : ngandika aris mring kyai Budiman bapa ingsun arsa uning, sambunge kawruh punika.

Iya iku ingkang den arani kyai. candhake tarbiyah, tarbiyah ukub puniki, kadiparan wecanipun.

Awit duk nalika ingsun anampani, wecaning tarbiyah kang saka guruку dhingin aku durung bisa tampa.

Awit iku katrangane durung titis, mulane tumeka, saprene sun durung ngerti, surasane kang tarbiyah.

Juru kunci matur sembah mring Sang Dewi, prakawis punika, nyuwun adhawuh rumiyin kajawi karsa paduka.

